эгиб таъзим қилади.

Бет очар халқимизда қадимдан шаклланган жуда бой педагогик мазмунга эга, тарбиявий таъсири кучли халқ анъанасининг энг чиройли назмий ифодаси сифатида авлоддан-авлодга ўтиб келмоқда. Бет очар келинчакка хослаб айтилгани билан, матн, жумлалар – халққа, барчага тегишли бўлиб, юқорида атаб айтганимиздек, одамларнинг хулқ-атвори, ота-онани эъзозлаш, халққа хизмат қилиш, тартиб, урф-одатлар, қадриятларга эҳтиром, анъаналарга содиқлик каби ахлоқий муносабатларни панд-насиҳат кўринишларида, термалар билан жозибали ва таъсирли ижро қилади.

Дарҳақиқат, бет очар қизлар тарбиясининг оиладаги якуний босқичини, ўз уйида қандай яхши тарбия олса, ўзи оила қурганида шундай шаклланиши, у ёшлигидан ота-онани эъзозлаб, хизматларида бўлиши, ақлли, диёнатли бўлиши тарбиявий аҳамиятга эга. Қизнинг онаси берган тарбиявий мезонлар келажакда бўй кўрсатиши, оилада яхши тарбия бўлса қиз келин бўлиб борган жойида тезда «синггишиб» кетиши, шу орқали оилада қизлар тарбиясига аҳамият берилиши ижобий натижаларга эришилиши халқ педагогикасининг дастлабки таомиллари сирасига киради.

Маълумки, кўп асрлардан буён ёшларга тарбиявий таъсир кўрсатиш воситаларидан бири сифатида эртак, жумбоқ, нақл-мақоллар тилга олинади. Халқ оғзаки ижодининг бу тарбиявий қуроллари турмушдан, тажрибадан, аждодларимиз кўрган-кечирганларидан намуна сифатида қадрланади, ҳамма замонларда ота-боболаримизнинг турмуш тарзини, таълим-тарбиясини, миллий урф-одат ва анъаналаримизни ўзида акс эттиради. Бу эса келажак ёшларимизга ўзлигимизни англашга, тарихимизни кадрлашга ва миллий қадриятларга бўлган хурматини оширади.

**Адабиётлар**


1. Қодиров Б.А. Традиционная педагогическая культура узбекского народа: Автореф.дис. ... докт.пед.наук. – М.: МГУ, 1992. –С. 33.
2. Қосназаров Қ., Пазылов А., Тилегенов А. Педагогика. -Нөкис: “Билим”, 2009. 256-б.
3. Қарақалпақ фольклоры . (Көп томлық). 5-том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. 5-том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980. –С. 487.
4. Абдимуратов П. Қарақалпақ халқының дәстүрлери ҳәм оның жаслар тәрбиясындағы әҳмийети. -Нөкис: “Билим”, 1996. 91-б.
5. Қазақбаев С. Қарақалпақ салт-дәстүр жырлары. –Нөкис: “Қарақалпақстан”, 2012.
6. Исмайлов А.С. Ўқувчи ёшларни тарбиялашда миллий анъаналар ва урф-одатларнинг таълим-тарбиявий аҳамияти. “Ўзбекистонда илмий-амалий тадқиқоталар” мавзусидаги республика 23-кўп тармоқли илмий масофавий онлайн конференция материаллари. –Тошкент: 2020. 186-б.
7. Исмайлов А.С. Қорақалпоқ халқ анъаналари воситасида ёшларни маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари. п.ф.ф.д (PhD) илмий даражасини олиш учун ёзилган дисс..... -Н.: 2022. 130-б.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада қорақалпоқ халқининг тарихи, маданияти, урф-одати, миллий маънавияти, бетакрор – миллий анъана ва қадриятлари, дастурлари хақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается об истории, культуре, традициях, национальной духовности, уникальных национальных традициях и ценностях, программах каракалпакского народа.

**SUMMARY.** This article tells about the history, culture, traditions, national spirituality, unique national traditions and values, programs of the Karakalpak people.


## II A-TOPAR ELEMENTLERIN OQÍTÍWDA KLASTER METODÍNAN PAYDALANÍW


**B.A.Jumabaev** – *ximiya ilimleriniń kandidatı, docent*

**K.Sh.Zaripbaev** – *stajyor oqıtıwshı*

**X.B.Aytbaeva –** *talaba*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar**: magnezit, apatit, berill minerali, klaster, gips.

**Ключевые слова:** магнезит, апатит, минерал берилл, кластер, гипс.

**Key words:** magnesite, apatite, beryl mineral, cluster, gypsum.


Házirgi kúnde Ózbekstan Respublikası tálim sistemasınıń rawajlanıwın támiyinlewshi tiykarǵı faktor sıpatında, 2030-jılǵa shekem belgilep alınǵan tálim konsepciyasında «Pútkil ómir dawamında sıpatlı tálim alıwǵa imkaniyat jaratıw» aktuallıǵı wazıypa etip belgilengen. Bul bolsa, óz gezeginde hám ilim, hám shet tilin, hám zamanagóy xabar texnologiyaların tereń biletuǵın hám onı tájiriybede qollay alatuǵın ximiya oqıtıwshıların tayarlawǵa qaratılǵanlıǵı menen áhmiyetke iye. Sol sebepli joqarı oqıw orınlarında oqıtıwdıń zamanagóy usıllarınan paydalanıwdı jolǵa qoyıw, bolajaq kásip iyelerin kásipke tayarlawda innovacion hám xabar texnologiyaların sabaq procesine paydalanıwdı talap etpekte [1;2].

Búgingi kúnde bir qatar rawajlanǵan mámleketlerde tálim-tárbiya procesiniń natiyjeliligin kepillewshi zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollaw boyınsha shárt-sharayat jaratılıp atır. Oqıw orınlarında keń qollanılıp atırǵan klaster tálim-tárbiya procesin bir pútin jaǵdayda ámelge asırıwda mashqalalardı sheshiwde sabaq procesin aqılǵa say shólkemlestiriwde, tálim beriwshi tárepinen tálim alıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın arttırıwda, oqıw materialın kishi-kishi bóleklerge bólip, olardıń mazmunın ashıwda, aqılıy hújim, kishi toparlarda islew, báseki-tartıs, mashqalalı jaǵday, joybar, rolli oyınlar sıyaqlı metodlardı qollawda ámeliy shınıǵıwlardı óz betinshe orınlawda qandayda bir iskerlik yamasa mashqala óz ara baylanıs, óz ara báseki-tartısta pikirlewde awızbirshilik penen máselelerdiń sheshiminde óz nátiyjesin kórsetedi. Bul usıldıń abzallıǵı sonda, studentti erkin pikirlewge úyretip, erkin turmısqa tayarlaydı. Oqıtıwdıń klaster usılların tańlawda tálim maqseti, tálim alıwshılardıń sanı hám múmkinshilikleri, oqıw ornınıń oqıw-materiallıq sharayatı, tálimniń dawamlılıǵı, oqıtıwshınıń pedagogikalıq uqıbı hám basqalar itibarǵa alınadı [2].

Klaster metodı degende - bilim alıwshılardı aktivlestiriwshi hám erkin pikirlewge úndewshi, tálim procesiniń orayında bolǵan tálim beriwshi hám tálim alıwshını aktiv qatnasıwǵa shaqıradı. Tálim alıwshı oqıtıw procesi dawamında aktiv qatnasadı. Bul proceste tálim alıwshılar oqıp-úyreniwdi joqarı dárejede bolıwın, iyelegen bilimlerdi maqset hám talaplarına muwapıqlastırıwda baslamashılıǵı hám juwapkershilik, qollap-quwatlaw ámelde orınlaw arqalı oy-pikirler júritiw qábiletin rawajlandıradı [3].

Oqıtıw procesinde klaster metodlardan paydalanıw ózine tán qásiyetke iye. Bilimlendiriw ámeliyatında paydalanılıp atırǵan klaster metodı studentlerdiń pikirlewin keńeytiredi hámde mashqalanıń tuwrı sheshimin tabıwǵa unamlı tásir kórsetedi. Klaster metodı arqalı studentlerdiń bilim, kónlikpe, tájriybeleri, dóretiwshiligi hám aktivligi teoriyalıq hám ámeliy mashqalalarǵa bolǵan qarasları rawajlanadı.

«Klaster» metodın ótkeriw texnologiyasın ámelge asırıwda - Student neni oylaǵan bolsa, sonı qaǵazǵa jazadı. Ol óz pikirleriniń sıpatı haqqında oylap otırmay, olardı tek ǵana jazıp baradı. Jazıwınıń orfografiyası yamasa basqa

táreplerine itibar bermeydi. Belgilengen waqıt aqırına jetpegenshe, jazıwdan toqtamaydı. Eger student málim múddet qandayda bir ideyanı oylay almasa, ol jağdayda qağazğa qandayda bir zattıń súwretin sıza baslaydı. Bul háreketti jańa ideya tuwılğansha dawam ettiredi. Belgili bir túsinik sheńberinde múmkinshiligi barınsha kóbirek jańa ideyalardı alğa súriw hámde olar arasındağı óz ara baylanıstı kórsetiwge háreket etedi. Ideyalar jıyındısınıń sıpatı hám olar arasındağı baylanıslardı kórsetiw sheklenbeydi [4;5].

«Klaster» metodı puqta oylanğan strategiya bolıp, onnan bilim alıwshılar menen jeke tártipte yamasa topar tiykarında shólkemlestiriletuğın shınıǵıwlar procesinde ámelge asırıladı.

Klaster inglizshe sóz bolıp (kluster) - bir pútkil jağdayda belgili tema boyınsha erkin hám ashıq pikirlewdiń tegis emes formasın kórsetedi [4].

Klaster metodın ámelge asırıwda jańa temanıń tiykarğı túsinigi aylanba formasındağı sızılma ishinde jazıladı. Mısalı jańa tema pedagogikalıq qábiletler bolsa studentler ol haqqında kóz aldına kelgen pikirlerdi jazıw usınıs etiledi. Bunda studentler tárepinen jazılğan pikirler ulıwmalastırıp aytıp beriledi. Bul pikirlerdi doskada por yamasa plakatta flomasterler menen jazıw múmkin.

Oqıwshılarğa jańa sistemada bilim beriwde zamanagóy tálim usılların qollaw, temanı jarıtıwda tálim quralларınıń nátiyjeli usılların tańlaw zárúrli áhmiyetke iye. Buğan baylanıslı anorganikalıq ximiyanıń "Siltili-jer metallar" temasın oqıtıwda oqıwshılarğa temanı ózlestiriw imkaniyatın beriwshi interaktiv metodlardıń tómendegilerinen paydalanıw múmkin [3].

Jańa temanı úyreniwde sabaqtı bekkemlew basqıshında studentlerge tómendegi tapsırma beriledi. Qızıl reńli ruchkalardı (jasıl, qara bolsa da boladı) alıp jańa úyrenilgen túsinikler menen bayıtıladı.

Studentler jazılğanlardı (oqıp) aytıp beredi. Doskada (basqa reńli por menen) yamasa plakatta basqa reńli flomasterler menen aytılğan pikirler jazıp barıladı.

Klaster metodı pedagogikalıq, didaktikalıq strategiyanıń arnawlı bir forması retinde tálim alıwshılarğa mashqala (tema)lar haqqında ıqtıyarıy, erkin, ashıq oylaw hám pikirlerdi erkin bayan etiw múmkinshiligin jaratadı.

Bul metod hár qıylı ideyalar arasındağı baylanıslardı pikirlew, anıqlawda ámelge asırıladı. Bul procesler bilim alıwshılar tárepinen tereń hámde puqta ózlestirilgenine shekem pikirlew iskerliginiń bir normada bolıwın támiyinlewge xızmet etedi. Sabaq shınıǵıwlarında bul metod studentler tárepinen bildirilip atırğan ideyalardıń kompleksi formasında kórinedi. Sebebi, bul proceste hár bir student tárepinen alğa súrilip atırğan ideyalardı uyğınlastırıw hámde olar arasındağı baylanıslardı taba alıw múmkinshiligin jaratadı.

Oqıtıwshı olardıń pikirlerin ulıwmalastıradı qosımsha ádebiyatlardan paydalanğan halda klasterge jáne qosımsha kirgiziwi onıń sheberligine baylanıslı.

"Klaster" metodı - erkin pikirlewdiń tiykarğı faktorı esaplanadı.

"Klaster" metodı studentlerge qandayda bir tema haqqında erkin hám ashıq formada oylawğa járdem beretuğın pedagogikalıq strategiya bolıp tabıladı. Bul metod kóp variantlı pikirlewdi úyrenilip atırğan túsinik (hádiyse, waqıya)lar arasında baylanıs ornatıw tájiriybelerin rawajlandıradı.

**Klaster metodı** - pedagogikalıq, didaktik strategiyanıń arnawlı bir forması bolıp, ol oqıwshılarğa qálegen mashqala (tema) lar jóninde erkin, ashıq oylaw hám pikirlerdi biymálel bayanlaw ushın sharayat jaratılıwma járdem beredi. Usı metod hár qıylı ideyalar ortasındağı baylanıslar pikirlew múmkinshiligin beretuğın strukturanı anıqlawdı talap etedi. Bul metod arnawlı bir temanıń oqıwshılar tárepinen tereń hámde puqta ózlestirilgenge shekem pikirlew iskerliginiń bir qálipte bolıwın támiyinlewge xızmet etedi [3;4].

1-sxema

**KLASTER**




**Klaster dúziw qağıydası**

1. Aqılıńızğa ne kelse, barlığın jazıń. Ideyalardın sıpatın oylamań tek ğana olardı jazıń.
2. Xattı toqtatatuğın jazıw qátelerine hám basqa faktorlarğa itibar bermeń.
3. Ajıratılğan waqıt tamam bolğansha jazıwdı toqtatpań. Egerde aqılıńızda ideyalar keliwi birden toqtasa, ol jağdayda qashan jańa ideyalar kelgenshe qağazğa súwret sızıp turıń.

**II A topar elementleri birikpelerin Klaster metodı tiykarında úyreniw**

2-sxema




**Beriliy elementin Klaster metodı tiykarında úyreniw**

3-sxema




**Magniy elementin Klaster metodı tiykarında úyreniw**

4-sxema




**Kalciy elementin Klaster metodı tiykarında úyreniw**

5-sxema




II A topar elementleri temasın oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwda oqıtıwshı sabaq procesi dawamında oqıwshılarǵa berilgen tema tiykarında tolıq maǵlıwmat jetkerip bere alıwı hám oqıwshılar tez ózlestire alıwı hám tema boyınsha túsiniklerin ózlestiriwi lazım.

Házirgi zaman ximiya páni tiykarların sanalı túrde puqta ózlestiriwge erisiwi, oqıwshılardı ximiyanıń átiraptaǵı tábiyattı asıraw hám onnan paydalanıw ushın zárúr bolǵan ilimiy tiykarları menen tanıstırıw, oqıwshılardı miynet súyiwshilikke hám erkin bilim alıwǵa úyretiwden ibarat.

Oqıwshılar bilimine qoyılatuǵın talaplar bolsa bilim kónlikpelerin tekseriw jumıs iskerligin gúzetiw, awızeki soraw, sınaw, jazba baqlaw jumısları, ximiyadan test sorawların dúziw hám sheshiw usılı hám basqa tálimniń túrli basqıshlarında oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerine qoyılatuǵın talaplar bolıp tabıladı. Bul pitkeriw qánigelik jumısında berilgen teoriyalıq bilimler, bir saatlıq sabaq islenbe hám Klaster metodlarınan paydanıp oqıwshılardı oqıw pánleri boyınsha belgili bir bilimlerdi iyelewleri, erkin pikirlewge, ámeliy tájiriybe hám miynet kónlikpeleriniń rawajlanıwına xızmet qıladı [6;7].

Tańlap alınǵan oqıtıw usılları – oqıwshılardı óz maqsetine erisiw ruwxında tárbiyalaw, bir-birlerine óz ara húrmet, jamáát bolıp islew, óz ara járdem hám berilgen wazıypanı orınlawda juwapkershilikti seziw kónikpelerin sińdiriw hám de oqıwshılardı óz betinshe islew, izleniw, gruppalarda islew arqalı bilim alıwǵa, eslep qalıwdı bekkemlewge, tez pikirlew, pikirdi anıq jetkeriwge úyretiw, ximiyalıq til mádeniyatın óstiriw sıyaqlı maqsetti gózleydi.

Juwmaqlap aytqanda, II A topar elementlerin Klaster metodın joqarıda qısqasha bayanlanǵan faktorlardı esapqa alǵan halda shólkemlestiriw hám alıp barıw bul shınıǵıwlardıń sapası hám nátiyjeliligin jáne de asırıwǵa járdem beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020 йил 12 августдаги “Кимё ва биология йўналишларида узлуксиз таълим сифатини ва илм-фан натижадорлигини ошириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4805-сон қарори.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019-йил 8-октябрдаги «Ўзбекистон Республикаси Олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг № ПФ-5847-сон Фармони.

3. Meliboyeva G.S. Kimyoni o`qitishda zamanoviy innovacion texnologiyalar. –Toshkent: 2020.

4. Avlayev O.U., Jo‘rayeva S.N., Mirzayeva S.P. “Ta’lim metodlari” o‘quv-uslubiy qo‘llanma. –Toshkent: “Navro‘z”, 2017.

5. Кошербаев С.Б., Зарипбаев К.Ш. Химияны оқытудағы заманауи педагогикалық технологиялар. 2024.

6. Зарипбаев К. Ш., Аймурзаева Л. Г. Химиядан практикалық және зертханалық сабақтарды оқыту технологиясы. 2024.

7. Zaripbayev K. S., Shurenbaeva U., Dzhumanova Z. K. Using the method of "assessment" in teaching the topic of carbohydrates. 2023.

**REZYUME.** Ushbu maqolada kimyo darslarida II A guruh elementlarini o‘qitishda Klaster metodidan foydalanib o‘qitish bo‘yicha keltirilgan. Dars mashg‘ulotlarida bu metod talabalar tomonidan bildirilgan g‘oyalarning majmuasi sifatida ko‘rinadi va talabalarning ijodkorligini va faolligini oshiradi.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье рассматривается использование метода Кластера при преподавании элементов II А группы на уроках химии. В классной деятельности этот метод рассматривается как совокупность идей, высказываемых учащимися, и повышает творческие способности и активность учащихся.

**SUMMARY.** This article discusses the use of the Cluster method in teaching elements of group II A in chemistry lessons. In class activities, this method is considered as a set of ideas expressed by students and increases students' creativity and activity.

## ICT IN TEACHING TECHNICAL STUDENTS

**F.T.Kaipbergenova –** *PhD in Pedagogics*
*Nukus state pedagogical institute after named Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** axborot-kommunikatsiya texnologiyalari, ta’limni modernizatsiya qilish, yangi axborot texnologiyalari vositalari, chet tillarini o‘qitish, o‘qitishni optimallashtirish.

**Ключевые слова:** информационно-коммуникационные технологии, модернизация образования, средства новых информационных технологий, обучение иностранному языку, оптимизация обучения.

**Key words:** information-communication technology, modernization of education, means of new information technologies, foreign language training, optimization of educational process.

The development of modern society occurs in the era of informatization, characterized by the use of information technology in many areas human activities, including in the field of education. Feature of the modern stage the informatization of higher education is that come to the fore substantial aspects of specialist training at the university. From a successful solution to this problems will largely depend on the quality of higher education. University graduators live in the information society, and he not only needs to master methods of obtaining and processing information, but, first of all, he must learn to use information and information technology to maintain and develop his intellectual and creative potential.

A rational combination of traditional educational tools with modern information and computer technology (ICT) is one of the possible ways to solve the problem of modernization of education. ICT tools foster development personal qualities of personality, variability and individualization of higher education. Modern ICTs provide active, creative mastery of the student subject, allow to